


BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab baris dipedar ngeunaan métode panalungtikan nu ngawengku: (1) desain panalungtikan (2) métode panalungtikan (3) data jeung sumber data (4) téhnik panalungtikan (5) instrumén panalungtikan.

3.1 Desain Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 175) Desain panalungtikan nyaéta prosés anu dirarancang pikeun nuduhkeun gambaran utama ngeunaan hal anu baris dilakukeun. Desain panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan digambarkeun saperti dina bagan ieu di handap.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3.2 Méthode Panalungtikan

Méthode nyaéta cara anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngaréngsékeun masalah anu ditalungtik (Siswanto, 2010, kc. 55-56). Ku kituna, méthode anu digunakeun dina panalungtikan kudu sistematis sabab panalungtikan mangrupa kagiatan ilmiah. Méthode panalungtikan nyaéta cara ilmiah pikeun meunangkeun data jeung tujuan sarta fungsi nu tangtu (Sugiyono, 2013, kc. 2).

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode déskriptif. Méthode déskriptif mangrupa méthode anu digunakeun pikeun ngaréngsékeun masalah anu ditalungtik ku cara ngagambarkeun kaayaan subjék atawa objék panalungtikan (novél, drama, carita pondok, puisi) dumasar kana fakta anu aya di lapangan (Nawawi dina Siswanto, 2010, kc. 56). Ku ayana méthode déskriptif, panalungtik baris ngadéskripsikeun data-data anu kapanggih dumasar kana hasil analisis nepi ka bisa nyieun kacindekan tina ieu panalungtikan.

Méthode déskriptif digunakeun dina ieu panalungtikan pikeun ngadéskripsikeun struktur sajak Roman Ingarden dina kumpulan puisi Sunda Modéren *Nu Nyusuk dina Sukma* pikeun bahan ajar aprésiasi puisi di SMA Kelas XI.

3.3 Data jeung Sumber Data

3.3.1 Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 129) sumber data nyaéta subjék anu ngahasilkeun éta data. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta kumpulan puisi Sunda modéren *Nu Nyusuk dina Sukma* karya Chyé RéTTY Isnéndés anu medal taun 2010. Ieu sajak kabagi kana tilu albeum, nyaéta *Cinta Munggaran*, *Nu Nyusuk dina Sukma*, jeung *Épos Citra Pitaloka*.

Albeum nu kahiji nyaéta *Cinta Munggaran* anu jumlahna aya 45 sajak diantarana aya sajak “Sabilulungan”, “Ngéntabngéntab Genining Geni”, “Lalakon Urang”, “Cinta Munggaran”, “Sareupna di Lembur Gedé”, “Sawios Elat”, “Bulan di Padalarang”, “Merdéka, Bung!”, “Lukisan Hujan”, “Sajak Cinta”, “Ngimpén

Tepang”, “Aduh Bulan”, “Aduh Angin”, “Aduh Manuk”, “Aduh Daun”, “Aduh Panonpoé”, “Aduh Cinta”, “Aduh Cirebon”, “Aduh Isuk”, “Aduh Soca”, “Aduh Kembang”, “Sajak keur Hajar”, “Topéng Indrawati”, “Indonésia Deudeuh”, “Halimun di Puncak Pass”, “Durma Maruta Tresna”, “Marhaban Yaa Muharam”, “Lagu Katineung”, “Mamang Jentréng Urang Leuwi Éréng”, “Handapeun caringin Kurung”, “Paparikan Asih”, “Wilujeng Sonten Banjar Karang”, “Acining Tresna”, “Miéling 17-an”, “Tragédi Hiji Nagari”, “Hujan Karisi”, “Maseuk Ajén Maseuk Diri”, “Dramaturgi”, “Pamuntangan Jati”, “Prolog Rambut Coklat”, “View of Bandung”, “Haréwos Pinus”, “Peungpeuk Jiwa”, “Héos Haroshos”, “Kuring cinta Lemah Cai”.

Albeum nu kadua nyaéta *Nu Nyusuk dina Sukma* jumlahna aya 34 sajak diantarana aya sajak “Kembang Kaca Piring”, “Hujan di Langit Bandung”, “Pileuleuyan Duriat”, “Wilujeng Kantun”, “Sajak Kembang Jambé”, “Samagaha”, “Japati Ngambah Wiati”, “Bagéa”, “Lagu Mapag”, “Skétsa Sidaharja”, “Campursari”, “Sajak keur Pohaci”, “Katumbiri Énjingénjing”, “Dina Lodaya”, “Cahaya Soca Nu Adeuh”, “Anjanganjang Kangen”, “Kapidangdung”, “Nu Nyusuk dina Sukma”, “Nu Juuh Ngancik ‘na Ati”, “Mapay Raratan 1”, “Mapay Raratan 2”, “Mapay raratan 3”, “Nyalusur Kangen”, “Sajak jeung Huma”, “Langit nu Rengat”, “Prasasti Malati”, “Lalayang keur Purbararang”, “Sirnaning Halimun di Bumi Gusti”, “Sunda Kawisaya”, “Pangéran Muga Ngaraksa”, “Manutan Saha”, “Tan Kado”, “Puisi nu Biheung Nepi”, “Rest in Peace: Sastra Égo”.

Albeum nu pamungkas nyaéta *Épos Citra Pitaloka* mangrupa albeum nu béda ti nu séjén, lantaran dina ieu albeum ngan aya hiji sajak nyaéta “Sang Mukténg Bubat”.

Chyé salaku panyajak wanoja pituin urang nagrak Sukabumi lahir tanggal 02 Désémber 1972. Chyé resep nulis sajak ti SD kénéh dina basa Indonésia, tuluy di SMP mimiti nulis sajak dina basa Sunda. Chyé ogé salah sahiji pangarang nu kawilang produktif, karya-karyana bacacar dina antologi-antologi Sunda jeung Indonésia. Misalna waé sajak, carpon, novéllét, jeung sajabana. Sawatara sajakna dibukukeun dina kumpulan sajak *Kidang Kawisaya* (1999) jeung *Nu Nyusuk dina Sukma* (2010). Malah mah, buku kumpulan sajak *Kidang Kawisaya* dina taun

2000 dilélér hadiah sastra rancagé ti Yayasan Rancagé nu dipupuhuan ku Ajip Rosidi.

3.3.2 Data

Sacara umum, ieu sajak nyaritakeun ngeunaan kahirupan sagemblengna nu kaalaman ku unggal jalma boh lalaki boh awéwé. Anapon kahirupan nu leuwih dominan, nyaéta kahirupan pangarangna, saperti kahirupan cintana, wanoja salaku mahluk sosial, salaku budak, salaku indung, salaku manusa jeung bangsaana, jeung sajabana. Téma dina ieu sajak nyaéta ngeunaan cinta anu dibagi kana 3 albeum nyaéta, albeum kahiji *Cinta Munggaran*, albeum kadua *Nu Nyusuk dina Sukma*, sarta album katilu *Épos Citra Pitaloka*.

Sajak anu dianalisis aya 20 judul tina tilu albeum, nyaéta nu kahiji album *Cinta Munggaran* aya 11 sajak, nu kadua *Nu Nyusuk dina Sukma* aya 8 sajak, jeung nu katilu *Épos Citra Pitaloka* aya 1 sajak. Dina albeum kahiji diantarana aya sajak “Sabilulungan”, “Cinta Munggaran”, “Lalakon Urang”, “Acining Tresna”, “Ngéntabngéntab Genining Geni”, “Sawios Elat”, “Merdéka, Bung!”, “Ngimpén Tepang”, “Halimun di Puncak Pass”, “Paparikan Asih”, jeung “Prolog Rambut Coklat”.

Dina albeum kadua diantarana aya sajak “Nu Nyusuk dina Sukma”, “Wilujeng Kantun”, “Nu Juuh Ngancik ‘na Ati”, “Hujan di Langit Bandung”, “Lagu Mapag”, “Bagéa”, “Manutan Saha”, jeung “Anjanganjang Kangen”. Dina albeum katilu ngan aya hiji sajak nyaéta “Sang Mukténg Bubat”.

3.4 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan dina ieu panalungtikan dibagi kana dua cara nyaéta téhnik ngumpulkeun data sarta téhnik analisis data. Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta ngaliwatan studi pustaka. Anapon téhnik analisis data dina ieu panalungtikan nyaéta ngaliwatan téhnik analisis struktur sajak Roman Ingarden jeung téhnik milih bahan ajar.

Aya sawatara léngkah dina ngaanalisis data ieu panalungtikan. Sabada ngumpulkeun data, tuluy data ditabélkeun sagemblengna. Léngkah-léngkah satuluyna saperti ieu di handap.

- 1) Maca kumpulan puisi Sunda modéren *Nu Nyusuk dina Sukma*
- 2) Ngaanalisis struktur sajak Roman Ingarden
- 3) Milih bahan ajar aprésiasi puisi
- 4) Ngadéskripsikeun hasil analisis sagemblengna dina wangun laporan (tésis)

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén nu dipaké dina ngumpulkeun data ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun kartu data jeung tabél. Kartu data digunakan pikeun nyirian data-data nu aya dina kumpulan puisi Sunda modéren *Nu Nyusuk dina Sukma*. Anapon tabél, digunakeun pikeun ngasupkeun data nu geus dikumpulkeun tuluy diasupkeun kana format tabél nu geus disadiakeun. Kartu data jeung tabél bisa diilikan saperti ieu di handap.

Tabél 3.1 Format Studi Pustaka

No	Jenis buku	Dianggo	Teu dianggo
1	Kabasaan	✓	-
2	Kasastraan	✓	-
3	Pendidikan	✓	-
4	Budaya	✓	-

Tabél 3.2 Format Jenis Buku

No	Jenis buku	Dianggo	Teu dianggo
1	Buku	✓	-
2	Jurnal	✓	-
3	Karya ilmiah	✓	-
4	Tésis	✓	-
5	Skripsi	✓	-

6	Internét	✓	-
---	----------	---	---

Tabél 3.3 Format Téhnik Analisis Data

<p><i>Judul Buku Kumpulan Sajak</i></p> <p>Judul Sajak</p> <p>Pangarang</p> <p>Struktur Sajak Roman Ingarden</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Lapis sora 2. Lapis harti 3. Lapis objék 4. Lapis dunya 5. Lapis métafisik
--

Tabél 3.4 Format Analisis Lapis Harti Struktur Sajak Roman Ingarden

No.	Kecap	Harti Kamus
(1)	(2)	(3)
1		
2		
3		
4		
5		

Tabél 3.5 Format Analisis Milih Bahan Ajar Puisi

No	Judul Sajak	Indikator			
		Luyu jeung bisa mantuan kana kahontalna tujuan pangajaran	Luyu jeung tingkat atikan katut kamekaran siswana	Sistematik katut <i>berkesinambungan</i>	Ngawengku hal-hal anu sipatna faktual atawa konséptual
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)
1					
2					
3					
4					
5					